



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN TRIBINAL SIPRÈM, NAN DIVIZYON APÈL ETA NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Onorab Marsha Michael nan yon pòs vid nan Tribinal Siprèm Eta New York, Divizyon Apèl, Premye Depatman an.

"Sistèm legal nou an depann sou jiris entèlijan epi ki gen disènman pou dirije tribinal nou yo epi bay jistis" **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m nonmen Onorab Jij Marsha D. Michael nan Divizyon Apèl la, Premye Depatman, epi mwen gen konfyans li pral sèvi Nouyòkè yo avèk distenksyon."

Jij Marsha D. Michael ap sèvi kounye a kòm yon Jij Asosye nan Manda Apèl Tribinal Siprèm pou 1e ak 12èm Distri Jidisyè yo. Li te eli nan Tribinal Siprèm Eta New York la, nan 1èm Distri Jidisyè (Konte Bronx) an 2018.

Ji Michael te kòmanse karyè jidisyè li an 2015, lè li te eli nan tribinal la kòm yon Jij Tribinal Sivil Vil New York nan Konte Bronx. Li te plase nan Tribinal Kriminèl Vil New York la kote li te prezide sou zafè deli vyolans domestik epi li te mennen pwochè devan jiri.

Anvan li te antre nan tribinal la, Jij Michael te sèvi kòm yon Grefye Prensipal pou Onorab Deborah A. Dowling ak Onorab. Janice L. Bowman. Jij Michael te kòmanse karyè legal li kòm yon asosye nan yon kabinè litij sivil nan Konte Bronx, apre li te fin fè J.D. li nan Albany Law School an 2002.

Jij Michael kontinye rete yon fonksyonè piblik nan Konte Bronx kote li te anseye nan Monroe College epi li administre yon pwogram estaj ak konsèy jidisyè an patenarya ak kòlèg jidisyè li yo ak yon lekòl segondè lokal nan Bronx. Estajyè yo sèvi pandan yon ane lekòl antye kòm entèn pou jij ki syeje nan tribinal sivil, kriminèl ak familyal yo. Jij Michael se prezidan tou Komite sou Ekite Seksyèl nan Tribinal Inifye yo, 12èm Distri Jidisyè, yon manm Òganizasyon Zanmi Jidisyè, Asosyasyon Jij Fanm Nasyonal, Chapit NY, Konsèy Jidisyè Asosyasyon Bawo Nasyonal la, ak yon manm konsèy Asosyasyon Jij Lakou Siprèm Vil New York, Inc.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)